



Khutbah Jumat

DEWAN DA'WAH KAB. BANTUL

Edisi : 0011/Tahun VI/ 2026

13 Maret 2026 M/ 24 Ramadhan 1447 H

Zakat: Wujud Nyata Kaperdulen Sosial

Dening Ust. M. Fajar Sidik

Khutbah I

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي بِنِعْمَتِهِ تَتِمُّ الصَّالِحَاتُ، وَبِفَضْلِهِ تَنْزَلُ الْخَيْرَاتُ
وَالْبَرَكَاتُ، وَبِتَوْفِيقِهِ تَتَحَقَّقُ الْمَقَاصِدُ وَالْغَايَاتُ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا
اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ. وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ لَا نَبِيَّ بَعْدَهُ.
اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ
بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. أَمَّا بَعْدُ، أَيُّهَا الْمُسْلِمُونَ رَحِمَكُمُ اللَّهُ،
أَوْصِيكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللَّهِ، فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ. يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا
اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى
فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. وَأَقِيمُوا الصَّلَاةَ
وَعَاتُوا الزَّكَاةَ وَأَطِيعُوا الرَّسُولَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,



Alhamdulillah, sedaya puji kagunganipun Allah ﷻ, Dzat ingkang sampun paring kathah sanget nikmat saha kanugrahanipun, satemah ngantos wekdal punika kita taksih kaparingan iman lan Islam, sarta saged rawuh lan nglaksanani ibadah shalat Jum'at wonten ing masjid ingkang mulya punika. Shalawat saha salam mug i tansah kita aturaken dhumateng Kanjeng Nabi Muhammad ﷺ, utusanipun Allah ﷻ minangka rahmat tumrap sedaya alam.

Salajengipun, kula ngajak dhumateng kita sedaya: sumangga kita tansah ningkataken raos iman takwa dhumateng Allah ﷻ kanthi nglampahi sedaya dhawuh-dhawuhipun, sarta ngupadi nyingkiri sedaya awisanipun. Ketakwaan punika mboten namung katingal saking kathahipun ibadah ritual ingkang kita lampahi, nanging ugi katingal saking kaperdulen kita dhumateng sesami gesang.

Salah satunggaling piwucal Islam ingkang sanget cetha anggenipun mbangun kaperdulen sosial inggih punika zakat, infak, saha sedekah. Islam mboten namung paring tuntunan ing bab lampah pangibadah (spiritual) dhumateng Allah ta'ala, nanging ugi nata sesambetan (pesrawungan) sosial supados gesang



bebrayan dados langkung adil, seimbang, lan kebak welas asih. Allah ﷻ ngendika wonten ing Al-Qur'an:

وَأَقِيمُوا الصَّلَاةَ وَعَاءتُوا الزَّكَاةَ وَأَطِيعُوا الرَّسُولَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ

“Jejegno shalat, bayarno zakat, lan padha mituhu-o marang Rasul, supaya sira padha diparingi rahmat.”
(QS. An-Nuur: 56)

Ayat menika nedahaken bilih zakat asring dipunsebat sesarengan kaliyan shalat, ingkang ateges bilih ibadah sosial gadhah kalenggahan ingkang sanget wigatos wonten ing piwucal Islam.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Zakat, infak, saha sedekah (ZIS) boten namung minangka kuwajiban arto bandha (finansial) kemawon. Nanging ugi minangka wujud kaperdulen sosial ingkang saged ngiyataken ‘solidaritas’ wonten ing tengahing masyarakat. Lumantar zakat saha sedekah, kita sinau bilih bandha ingkang kita gadhahi menika mboten sedaya minangka kagungan kita piyambak, nanging wonten hak-ipun tiyang sanes ingkang mbetah-aken lan hak nampi. Allah ﷻ ngendika:

وَفِي أَمْوَالِهِمْ حَقٌّ لِّلسَّائِلِ وَالْمَحْرُومِ

“Lan ono ing bandhane wong-wong iku dumunung hak-e wong kang miskin kang njejaluk lan wong miskin kang ora antuk bagean.” (QS. Adz-Dzariyat: 19)

Ayat menika paring pemuat ing kita bilih wontenipun tiyang ingkang mbetahaken pitulungan menika mboten minangka ‘beban’ tumrap masyarakat, nanging dados kasempatan tumrap kita kanggé ‘berbagi’ lan nyebar rahmat. Rasulullah ﷺ ugi negasaken wigatosipun kaperdulen sosial menika wonten ing salah satunggaling hadits:

مَا نَقَصَتْ صَدَقَةٌ مِنْ مَالٍ

“Sedekah ora bakal nyuda bandha.” (HR. Muslim)

Saking panyawang gelar tata lair, kita umat manungsa saged nganggep bilih nalika nyedekahkan bandha, ketingalipun bandha dados suda awit dipunparingaken ing tiyang sanes. Nanging wonten ing ngersanipun Allah, sedekah malah dados sebab tumurnipun berkah. Linangkung saking menika, zakat lan sedekah mboten namung mbiyantu tumrap miskin kanggé nyambung gesang, nanging ugi saged

ngiyataken lan ndayani supados saged bangkit lan mandiri.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Manawi zakat fitrah ukuranipun saged dipunsebat 'relatif' alit cacahipun, inggih menika kirang langkung 2,5 kg beras saben jiwa, biasanipun mboten kathah perkawis, awit sampun kathah umat ingkang sanggup ngleksanani kuwajiban punika.

Ananging kanggé zakat mal (bandha simpenan), taksih prelu kawigatosan ingkang langkung ageng, mliginipun babagan kados pundi nuwuhaken raos 'eling' saha lampah jujur tumrap tiyang ingkang sampun 'nyekapi' syarat-syarat ingkang dipun gariske wonten ing syariat Islam. Zakat mal wajib dipun wedalaken manawi sampun nyekapi syarat haul (kagungan salebeting setunggal taun) saha nishab ingkang sami kaliyan reginipun 85 gram emas, kanthi jumlah setoran agengipun 2,5%.

Puasa Ramadhan menika nglatih kita nggadhahi "sipat jujur", saéngga ugi nuntut kita supados jujur lan 'obyektif' nalika ngetang bandha kasugihan ingkang sakmesthinipun dipun wedalaken zakatipun.



Manawi zakat dipun kelola kanthi sae lan profesional dening lembaga Amil Zakat utawi LAZIS, zakat saged dados modal usaha, pendidikan, kesehatan, saha manéka warna program pemberdayaan ingkang saged ngangkat drajat masyarakat ingkang ringkih.

Inggih kados menika maknaipun sosial saking zakat: mbangun masyarakat ingkang kiyat, saling peduli, lan tulung-tinulung. Allah ﷻ ngendika:

وَتَعَاوَنُوا عَلَى الْبِرِّ وَالتَّقْوَى

“Tulung-tinulunga sira ing sajroning kabecikan lan laku takwa .” (QS. Al-Ma’idah: 2)

Awit saking punika, zakat, infak, saha sedekah mboten namung minangka amal pribadi, nanging ugi dados ‘instrumen’ (sarana) pembangunan sosial wonten ing Islam. Cobi dipun penggalih, menawi saben Muslim ingkang mampu nindakaken zakat lan remen sedekah, mesthi kesenjangan sosial saged kasuda, kemiskinan saged dipun kikis, lan gesang masyarakat dados langkung rukun lan harmonis.

Ma’asyiral muslimin rahimakumullah,

Sumangga kita tansah ngiyataken raos kaperdulen sosial kita lumantar zakat, infak, saha sedekah. Awit sejatosipun umat ingkang kiyat menika umat ingkang saling peduli lan ngiyataken (tulung-tinulung). Rasulullah ﷺ ngendika:

مَثَلُ الْمُؤْمِنِينَ فِي تَوَادُّهِمْ وَتَرَاحُمِهِمْ كَمَثَلِ الْجَسَدِ الْوَاحِدِ

“Praumpaman wong-wong mukmin anggone nduwe rasa tresna lan welas asih iku kaya dene sawijining badan wadag (jasad). Menawa sawiji perangan kroso lara, sakabehe badan uga melu ngrasa-ake.” (HR. Bukhari lan Muslim)

Hadits punika paring piwucal bilih panandhang sedherek kita ugi kedah dados keprihatinan, kawigatosan kita. Menawi masyarakat ing kanan-kiring caket kita sampun saged kita bantu, pramila kita kedah emut bilih wonten ing papan sanes ingkang tebih taksih kathah sedherek kita ingkang nandhang kekirangan lan kasangsaran amargi bencana alam, peperangan, saha kezhaliman para panguwasa ingkang gumedhe lan sombong.

Uluran tangan kanggé mbiyantu kanthi nyisihaké sapérangan rezeki ingkang kita gadhahi minangka

wujud nyata kaperdulen sosial menika, mugi saged nyuda sakedhik kasangsaran saha nuwuhaken 'harapan' enggal sedherek-sedherek kita ingkang ngadhepi panandhang pacoban gesang.

Awit saking menika, sumangga kita mbayar zakat, infak, saha sedekah minangka bagian 'gaya hidup' (pakulinan) kita. Mbotên perlu ngentosi sugih kagem berbagi (tetulung tiyang sanes) kanthi andum rejeki, mbotên perlu ngentosi leluwihan kanggé nyedekah. Mugi kita kalebet tiyang-tiyang ingkang entheng astanipun kagem 'berbagi' lan ikhlas nalika nulungi sesama.

Lan mugi panandhangipun sedherek-sedherek kita ingkang dumugi samenika taksih dipun alami, enggal dipun paringi pitulung lan sirna, sesarengan kaliyan paripurnaipun ibadah puasa Ramadhan samangke. Aamiin.

أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلَكُمْ، فَاسْتَغْفِرُوهُ، إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ
الرَّحِيمُ

Khutbah Kedua :

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي خَلَقَ الْإِنْسَانَ فِي أَحْسَنِ تَقْوِيمٍ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا
اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ

وَسَلَّمَ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ
الْقِيَامَةِ. أَمَّا بَعْدُ؛ عِبَادَ اللَّهِ، أُوصِيكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللَّهِ، فَاتَّقُوا اللَّهَ
حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ
وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ، اللَّهُمَّ اغْفِرْ
لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ
وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ. اللَّهُمَّ أَرِنَا الْحَقَّ حَقًّا وَارْزُقْنَا اتِّبَاعَهُ،
وَأَرِنَا الْبَاطِلَ بَاطِلًا وَارْزُقْنَا اجْتِنَابَهُ. رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَزْوَاجِنَا
وَذُرِّيَّاتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ إِمَامًا. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً
وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا
يَصِفُونَ، وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ

Group WhatsApp :

<https://chat.whatsapp.com/LLH6iduekXrCVt4tsszX7I>

